

Rekòmandasyon pou Piki Rapèl kont COVID-19

Yo rekòmande piki rapèl pou tout moun ki gen laj omwen 16 an ki te pran dezyèm dòz yo a nan **vaksen Pfizer oswa Moderna a sa fè omwen sis mwa de sa**, oswa yon dòz **vaksen Johnson & Johnson sa fè omwen de (2) mwa de sa**. Moun ki te vaksinen andeyò Etazini avèk yon lòt vaksen kont COVID-19 gen dwa kalifye pou rapèl tou.

Kisa yo rele piki rapèl la?

Yon piki rapèl se yon dòz vaksen anplis pou bay plis pwoteksyon.

Poukisa yo rekòmande piki rapèl?

Vaksen yo bay bon rezilta toujou nan anpeche maladi grav, ospitalizasyon ak lanmò poutèt COVID-19. Men, gen deplizanplis prèv ke pwoteksyon kont enfeksyon leje oswa mwayen an pa solid menm jan an, e pwoteksyon sa a gen dwa diminye avèk letan.

Yon piki rapèl kapab ba ou, fanmi ou ak kominote ou plis pwoteksyon poutèt li redui chans ou pou trape COVID-19 epi simaye li bay lòt moun, sa gen ladan timoun ki twò jèn pou pran vaksen ak zanmi ak fanmi ki gen pi gwo risk fè COVID-19 grav. Piki rapèl yo sitou enpòtan avèk prezans varyant viris la ki pi kontajye yo.

Èske piki rapèl la dwe menm mak vaksen ak premye seri vaksen mwen an?

Non. Ou te mèt pran piki rapèl Pfizer, Moderna oswa Johnson & Johnson, kèlkeswa vaksen ou te pran pou premye seri vaksinasyon w lan.

Pale avèk pwofesyonèl medikal ou si ou genyen kesyon sou ki vaksen pou w pran. Si ou bezwen èd pou jwenn yon pwofesyonèl medikal, rele **311**.

Èske piki rapèl yo gen menm engredyan ak vaksen yo te itilize yo pou premye seri vaksen an?

Piki rapèl Pfizer ak Johnson & Johnson nan se menm vaksen ak premye seri vaksen an. Piki rapèl Moderna a gen menm engredyan yo men yon dòz pi piti pase vaksen yo bay moun yo pou premye seri vaksen yo an.

Èske ap genyen efè segondè poutèt piki rapèl la?

Li posib pou w gen efè segondè poutèt piki rapèl la. Efè segondè yo abityèlman ant leje ak mwayen e yo dire ant yon ak twa jou. Pami efè segondè yo gen doulè nan bra, maltèt, doulè nan kò, fatig ak lafyèv. Efè segondè grav yo ra, men yo ka rive apre yon piki rapèl.

Mwen gen defisyans iminitè epi mwen te pran yon twazyèm dòz vaksen. Èske mwen ka pran yon piki rapèl?

Moun ki gen laj omwen 16 an ki gen defisyans iminitè modere rive grav yo e ki te pran yon twazyèm dòz nan vaksen Pfizer a oswa Moderna a ka pran piki rapèl omwen sis mwa apre twazyèm dòz yo a. Pou enfòmasyon sou twazyèm dòz, li **Twazyèm Dòz pou Moun ki Gen Defisyans Iminitè** nan on.nyc.gov/thirddose.

Mwen te pran yon lòt vaksen kont COVID-19 andeyò Etazini oswa nan kad yon eksperimantasyon klinik. Èske mwen ka pran yon piki rapèl?

Moun ki gen laj omwen 16 an ki te pran de (2) dòz yon vaksen ki gen otorizasyon Òganizasyon Mondyal Lasante a pou itilizasyon dijans (men ki pa gen otorizasyon ni apwobasyon Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini an) kapab pran yon dòz rapèl **vaksen Pfizer** an omwen sis mwa apre dènye dòz vaksen yo an. Moun ki patisipe nan eksperimantasyon klinik Novavax la e ki te pran vaksen aktif (pa plasebo) gen dwa pran vaksen rapèl Pfizer a tou. Pou plis enfòmasyon, ale sou [cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/booster-shot.html](https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/booster-shot.html).

Ki kote mwen ka pran yon piki rapèl?

Ou kapab pran piki rapèl nenpòt ki kote ki ofri mak vaksen ou vle a. Pou jwenn yon kote k ap bay vaksen, ale sou [nyc.gov/vaccinefinder](https://www.nyc.gov/vaccinefinder) epi chwazi mak vaksen ou pi pito a nan meni pou dewoule "Any vaccine" (Nenpòt vaksen) an. Ou kapab rele tou 877-829-4692 pou jwenn yon sit vaksinasyon Vil la ap jere. Pou pran randevou pou vaksinasyon gratis lakay ou, ale sou [nyc.gov/homevaccine](https://www.nyc.gov/homevaccine) oswa rele 877-829-4692.

Èske mwen ka pran yon piki rapèl an menm tan ak lòt vaksen, tankou vaksen kont lagrip?

Wi. Ou ka pran yon piki rapèl nan menm moman ak lòt vaksen, oswa nan nenpòt moman anvan oswa apre. Si ou poko pran vaksen kont lagrip ou a, eseye jwenn yon kote ki ofri toude vaksen yo, tankou anpil famasi.

Èske piki rapèl la gratis?

Wi, yon piki rapèl gratis pou moun ki kalifye pou pran youn. Si ou genyen asirans, yo gendwa voye fakti ba li, men yo pa pral mande ou peye ni frè pou administrasyon ni ankenn lòt frè.

Ki dokimantasyon mwen bezwen montre pou mwen pran piki rapèl la?

W ap gen pou montre yon dokiman ki gen dat nesans ou, tankou lisans chofè ou, yon kat idantite ki pa lisans ou, IDNYC ou, batistè ou, oswa paspò ou. Pote kat vaksinasyon ou si ou genyen li.

Èske mwen bezwen piki rapèl la pou mwen fin vaksinen nèt?

Non. Yo konsidere yon moun fin vaksinen nèt de (2) semèn apre dezyèm dòz yon vaksen de (2) dòz (tankou Pfizer oswa Moderna) oswa de (2) semèn apre vaksen yon sèl dòz Johnson & Johnson nan.

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye. 12.14.21